Приложение 6
к АООП НОО с ТНР

**ФОНД ОЦЕНОЧНЫХ СРЕДСТВ**
по учебному предмету Родной (чеченский) язык
для обучающихся с ТНР (вариант 5.2)
3 класс, УМК «Школа России»

Разработчик: учителя начальных классов

Грозный
2023г

## ПОЯСНИТЕЛЬНАЯ ЗАПИСКА

Контрольные диагностические работы по родному (чеченскому) языку составлены на основании:

- ФГОС начального общего образования обучающихся с ограниченными возможностями здоровья. (Утвержден приказом Министерства образования и науки РФ от 19.12.14г №1598);

- Абат. Э.Х. Солтаханов, И.Э. Солтаханов, С.Э. Эдилов. «Грозненский рабочий» 2022 шо. (Сборник рабочих программ «Школа России» 1 – 4 классы. – Москва .:)

- Рабочей программы по учебному предмету «Родной (чеченский) язык». Данные диагностические работы адаптированы для проверки знаний обучающихся с ТНР.

**Цель**: Определить уровень сформированности у обучающихся знаний, умений, навыков по предмету Родной (чеченский) язык за 3 класс.

**Назначение контрольных заданий.**

Основной целью диагностических работ является объективная оценка уровня овладения знаниями, умениями и навыками, соответствующими государственному образовательному стандарту по родному (чеченскому) языку 3 класса с ТНР.

**План и структура контрольных заданий**.

Диагностические работы содержат базовые задания, позволяющие проверить освоение базовых (опорных) знаний и умений по предмету, без которых невозможно успешное продолжение обучения на следующей ступени. Задания представлены в двух вариантах, различающихся по содержанию и уровню сложности.

**Время выполнения работы.**

Время выполнения работы 40 минут.

**Паспорт фонда оценочных средств**
для проведения текущего контроля успеваемости
и промежуточной аттестации
по учебному предмету **Родной (чеченский) язык**

| **№ п/п** | **Контролируемые разделы (темы) учебного предмета, курса, дисциплины (модуля)** | **Наименование оценочного средства** |
|---|---|---|
| 1 | Йуьхьанцара хаарш талларан талламан болх | Талламан болх |
| 2 | 1амийнарг карладаккхар | Талламан болх №1 |
| 3 | Предложени<br>Йукъара хаарш талларан талламан болх | Хьалхарчу чийрикан хаарш талларан талламан болх (Iчийрик) |
| 4 | Предложени | Талламан т1ера схьайаздар №1 |
| 5 | Предложенин коьрта а , коьртаза а меженаш | Талламан болх №2 |
| 5 | Эхашеран хаарш талларан талламан болх | Шолг1ачу чийрикан хаарш талларан талламан болх (II чийрик) |
| 6 | Къамелан дакъош | Талламан т1ера схьайаздар №2 |
| 7 | Ц1ердош | Талламан болх №3 |
| 8 | Йукъара хаарш талларан талламан болх | Кхоалг1ачу чийрикан хаарш талларан талламан болх (III чийри |
| 9 | Билгалдош | Талламан болх №4 |
| 10 | Хандош | Талламан болх №5 |
| 11 | Шеран хаарш талларан талламан болх | Талламан болх |

## Йуьхьанцара хаарш талларан талламан болх

## Талламан болх

Диктант

Гуьйре

Диттийн г1аш мажделла. Денош дацлуш ду. Олхазарш бовзачу махка д1аоьху. Арара йалташ чудерзийна. Дешархой деша буьйлабелла.

Шовда

Со йуьртахь 1аш ву. Тхуна йуххехь шовда ду. Шовданан хи шийла ду. Шовданан хи ц1ена, сирла ду. Оха шовданан хи молу. Тхан йуьртахь шовданаш дуккха а ду.

Дог1а

Ловза ваханера Ваха. Дог1а туьйхира. Ваха ц1а ведира. Не1арна дог1а тоьхна карийра цунна. Нана ц1а йаллалц учахь 1ен дийзира Вахин.

## 1амийнарг карладаккхар

## Талламан болх №1

Дешархо

Со дешархо ву. Ас дика доьшу. Ас нанна г1о до. Нанас суна, дика к1ант ву, олу. Со школе т1аьхьа ца вуьсу.

Решид

Стохка шолг1ачу классехь доьшуш вара Решид. Кхушара иза кхоалг1ачу классехь хир ву.

Берриг урам а къарзбина, школе оьхуш дара кегий бераш. Массо а вара, Решид сана, ц1ена кечвелла. Зезагаш а карахь долчу берийн самукъане йаьххаьашка хьаьжча, хазахетий, велакъежара Решид.

Хьуьнхахь

Тхан йуьртана гена йац хьун. Баккхийчаьрца воьду со хьуьнха. Хаза хуьлу хьуьнхахь. Дукха хаза олхазарш ду хьуьнхахь. Оха ц1азамаш лехьадо. Хьуьнха доьлхуш сан сакъерало.

Таллархо

Мусак кест-кеста хьуьнха талла воьду. Дика таллархо ву Муса.
Толлуш самукъадолу Мусан. Экханна т1аьхьаваьлла лелар доцуш,
Цуьнан таллар 1аламе безам хиларца ду.

**Хьалхарчу чийрикан хаарш талларан талламан болх (I чийрик)**

Йиший, ваший

Салманний, Зиний ваший, йиший ду. Салман Зинел воккха ву. Цо йишин терго йо. Нана болх беш йу. Йиший, ваший ц1ахь дуьсу игуттар а. Дика ваша ву Зинин, олу массара.

Ц1ахь

Ас сайн нанна г1о до. Цуьнан г1уллакхаш дукха ду. Ас хи а дохьу, пхьег1аш а йулу. Бедарш йитта пурба ца ло суна нанас. Йоккха хилчахьана, йуттуьйтур йу, олу цо.

Сихха йоккха хилахьара со.

Тхан цициг

Ч1ог1а харцахьара ду тхан цициг. Кхоссалой маьнги т1е долу иза, кора т1е долу, йуха маьнги к1ел лечкъа. Мачаш т1ейухуш Ваха хилча, ботинкийн чимчарг1аш ийзадо цо. Данне а дац тхан цициг цхьана метте соцуш.

Кехат

Ас сайн веше кехат йаздо. Иза Москвахь доьшуш ву. Кестта отпускана ц1а вог1ур ву иза. Суна дукхавеза сайн ваша. Цо гуттар а хьехамаш бо суна. Ас цуьнга ладуг1у. Цо суна дукхха а керланиг 1амадо.

## Талламан т1ера схьайаздар №1
## «Предложени»

Ч1ег1ардиг

Ч1ег1ардиг аьхкенан олхазар ду. Бовхачу махкахь 1а а даьккхина йухадеача. Шеен стохкалерчу бена чу даха хуу иза. Цунна дика ха ша даьхна меттигаш. Шен бен бохийна карийча, поппар а кхоьхьуш, и йухатобо цо. Цуьнан бен адамаш дехачу меттигана герга хуьлу. Адамаш деха меттиг маьрша хетта цунна.

**Грамматически тlедиллар:** шалхачу элпашна к1ел сиз хьакха.

Машар

Машар бохург дика дош ду. Вайна машар беза. Машарехь адамаша болх бо, уьш дика деха. Вайн Даймакхо машарехь къийсам латтабо.

Хьуьнхахь

Кегий т1оьрмигаш а, тускарш а эцна хьуьнха дахара бераш. Ц1ен, к1айн, сийнан зезагаша къарзйинера хьуьнан хьалхар аре. Жимма зезагаш а даьхна, хьуьн чу дуьйлира бераш. Ц1азамаш, б1араш, мангал - комарш йехира цара.

Самукъане дара хьуьнхахь. Д1а ког баьккхинчохь бохург санна, шийла шовданаш дара.

Шовда

Тхуна гена доцуш шовда ду. Шовданан хи шийла ду. Тхан йуьртахоша мала цигара хи кхоьхьу. Баккхийчу наха шовданан го тобеш белхаш бо. Оха бераша а лардо шовдан бердах.

Шовданан чу хьаьжча, бухара г1ум а, кегий т1улгаш а гуш хуьлу. Сирла ду шовданан хи.

**Грамматически т1едиллар:** шалхачу элпашна к1ел сиз хьакха.

**Талламан болх №2**
**Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш**

Дика дешархо

Салман дика дешархо ву. Тхан классехь дика дешархой дуккха а бу. Дика доьшуш Рамнат а йу. Цуьнан доттаг1ий бу Роза а, Сацита а, кхиберш а. Цара а доьшу дика. Дика хуучара г1о до ледара хуучарна. Х1инца а массара а доьшу дика.

Уьстаг1ий

Тхан йуьртахь уьстаг1ий дукха ду. Уьш дика 1алашдо. Цундела шортта жижиг а, т1арг1а а хуьлу. Бераша а до уьстаг1ий 1алашдеш г1о. Кест- кеста уьш дажо а оьху бераш.

Писху

Тхан цициган ц1е Пису йу. Писус дехкий лоьцу. Ша дуьзча, малхехь дижина 1а Пису. Д1адижча хур до Писус. Суна дукхадеза иза. Пису соьца хаза ловзу.

Хьехамаш

Суна йишас хьехамаш бо. Ас цуьнга ладуг1у. Тетрадаш, книжкаш ц1ена 1алашъйан еза, боху цо. Ас уьш ц1ена лелайо. Урокаш йина ваьлча, шайн метта д1айохку ас книжкаш.

**Шолг1ачу чийрикан хаарш талларан талламан болх (II чийрик)**

Хьаьжк1а

Хьаьжк1а дика йалта ду. Дукха тайп-тайпана пайдехь х1уманаш йоху хьаьжк1ех. Хьаьжк1ех кехат а, кинопленка а, мачашна айраш а, саба а, шекъанаш а до. Кхин а дукха х1уманаш йоху хьаьжк1ех. Шуьйра д1асайаьржина вайн махкахь хьаьжк1а. Хьалха цкъа а хьаьжк1а лелош ца хиллачохь а йу иза кхуьуш. Генарчу къилбаседерчу шийлачу меттигашка а кхаьчна иза.

**Грамматически т1едиллар:** цхьанаорамера долу дешнашна к1ел сиз хьакха.

Экскурси

Кхана заводе экскурсе г1ур ду, аьлла д1ахьедира берашка хьехархочо. Шолг1ачу дийнахь мог1ара д1а х1иттина дахара бераш. Берашца цхьана хьехархо а вара.

Цхьана белхалочуьнца хьоьжуш цехашна чухула чекхдевлира бераш. Заводан берриг а белхаш бовзийтира белхалочо.

**Грамматически т1едиллар:** ц1ердешнашна к1ел сиз хьакха.

Бешахь

Тахана бераш беша дахара. Цаьрца хьехархо а йу. Бешана йуьххьехь ду бешахочун ц1а. Бешахочун ц1енна йуххехь кхор бу. Цунна дуьхьал ду жима кор. Дика хьожу бешахо дитташка.

**Талламан т1ера схьаяздар №2**

**«Къамелан дакъош»**

Тхан класс

Тхан класс сирла а, йоккха а йу. Оха ц1ена латтайо тхайн класс. Класса чохь партанаш а, 1аьржа у а ду. Уьна т1ехь оха к1айчу мелаца йаздо. Тхан классан корашна хьалха лекха дитташ ду. Царна т1ехь баьццара г1аш ду.

Бошмийн доттаг1ий

Дитта т1ехь д1атоьхна бен бу. Цу чохь олхазарш деха. Олхазарш бошмийн доттаг1ий дуйла хаьа суна. Ас уьш къехкка ца до. Цундела тхан дитташ т1е стоьмаш дукха латабо.

Школан бешахь

Школан бешахь болх беш бу дешархой. Цхьаболчара хи дуьллу. Кхечара диттийн гонаш охку. Ахьмадий, Марет диттийн г1аддашна кир туху. Церан белхашна т1ехь куьйгалла до бешахочо 1абдуллас.

**Талламан болх №3**

**Ц1ердош**

Жима Селим

Жима Селим школе деша оьху шо герга хан йу. Цунна школа йезаелла. Керла дуккха а х1уманаш 1емина Селимана. Цунна йаздан а, деша а хаьа. Тохара вашас йоьшура цунна книжка. Х1инца ша йоьшу цо. Доккха х1ума дац ткъа иза?

Кеманахь вахар

Кеманна т1ехь вахара со дадица Москва. Мархашна т1ехула доьдура кема. Суна йуххехь хиъна 1аш вара Майрбек. Иза а вара шен деца вог1уш. Корехула лаьтта охьахьоьжура тхойшиъ. Мархаш, бамба биллина аре санна, хетара.

Б1аьсте

Б1аьсте т1ейог1уш, ира мехий санна, хьалайовлу бецахелигаш. Денош денна дохло, дахло. Массеран а самукъадолу б1аьста. Дехачу 1ай дижина 1иллича санна самадолу 1алам. Каде хьийза олхазарш.

1ежийн беш

Йуьртан йистехь йоккха беш йу. Бешахь стоьмийн дитташ ду. Беш 1алашъйеш бешахо ву. Телхинчу дитташна дарбанаш леладо бешахочо.

Танкист

Жалил танкист ву. Танкана йуххехь лаьтташ даьккхина сурт даийтира цо ц1а. Х1ора кехата т1ехь шен танк хестайо Жалила. Воккха хилча, со а хир ву танкист. Суна кинохь дукха гина танкаш. Онда машинаш йу уьш.

**Кхоалг1ачу чийрикан хаарш талларан талламан болх (III чийрик)**

Гуьйре

Диттийн г1аш мажделла. Денош дацлуш ду. Олхазарш бовхачу махка д1аоьху. Арара йалташ чудерзийна. Дешархой деша буьйлабелла.

**Грамматически т1едиллар:** шалхачу элпашка кел сиз хьакха

Комарийн дитт

Тхан кертахь комарийн дитт ду. Со цунна т1е валало. Ас га дегийча, комарш дитта к1ел охьаоьгу. Нанас, йишас шаршу а лоций, царна а эгайо ас комарш. Тхан дитта т1ера комарш ч1ог1а мерза ю.

**Грамматически 1едиллар**

1.Шала элпашна к1ел сиз хьакха

2.Дешт1аьхьена к1ел ши сиз хьакха

Йуьртан клуб

Йуьртахь йоккха клуб йина. Цигахь кест-кеста кино гойту. Со дадица воьду цига. Ййуьртан клубехь г1алара баьхкина артисташ а хуьлу. Хаза ду йуьртан клубехь.

Аьхке

Довха дара аьхка денош. Хи а дара дохдича санна.Бераш лийча оьхура. Малхехь дог1маш дагош, хи чохь луьйчуш денош дехира цара. Ч1ерий даха а оьхура бераш.

Словарни диктант

а) Буц, тетрадь, баркалла, коьллаш, йетт, мангал, дешар, дош, стаг, ваша, лаьмнаш.

б) Нана, к1ант, ж1ала, мохк, дика, сискал, йалта, лергаш, жима, воккха.

в) Олхазарш, дег1ан меже, ловзар, туьйранаш, нийсо, дахар, 1а, г1а, кицанаш.

## Талламан болх №4
## Хандош

Жима Селим

Жима Селим школе деша оьху шо герга хан йу. Цунна школа ййезаелла. Керла дуккха а х1уманаш 1емина Селимана. Цунна йаздан а, деша а хаьа. Тохара вашас йоьшура цунна книжка. Х1инца ша йоьшу цо. Доккха х1ума дац ткъа иза?

Кеманахь вахар

Кеманна т1ехь вахара со дадица Москва. Мархашна т1ехула доьдура кема. Суна йуххехь хиъна 1аш вара Майрбек. Иза а вара шен деца вог1уш. Корехула лаьтта охьахьоьжура тхойшиъ. Мархаш, бамба биллина аре санна, хетара.

Б1аьсте

Б1аьсте т1ейог1уш, ира мехий санна, хьалайовлу бецахелигаш. Денош денна дохло, дахло. Массеран а самукъадолу б1аьста. Дехачу 1ай дижина 1иллича санна самадолу 1алам. Каде хьийза олхазарш.

## Талламан болх №5

1ежийн беш

Йуьртан йистехь йоккха беш йу. Бешахь стоьмийн дитташ ду. Беш 1алашъйеш бешахо ву. Телхинчу дитташна дарбанаш леладо бешахочо.

Танкист

Жалил танкист ву. Танкана йуххехь лаьтташ даьккхина сурт даийтира цо ц1а. Х1ора кехата т1ехь шен танк хестайо Жалила. Воккха хилча, со а хир ву танкист. Суна кинохь дукха гина танкаш. Онда машинаш йу уьш.

Ч1ерий дахар

Хи т1е ч1ерий даха вахара ши к1ант. Хи тийна дара. М1ерий дуьйг1ира шина к1анта.Ч1еро муьрг туьйхира. Цхьана к1анта м1ара схьабаьккхира. Цу т1ехь боккха ч1ара кхозура.

Лётчик

Лётчикаш майра адамаш ду. Уьш шайн кеманашна т1ехь мархашна лакхахула лела. Кема халла бен гуш ца хуьлу. Лётчикаш парашюташца охьалелха. Воккха хилча, со а хир ву лётчик.

## Шеран хааршталларан талламан болх

Школьни выставка

Школехь выставка йара. Цу выставкехь дара бераша дехкина суьрташ. Виситас диллина сурт хазахийтира массарна а. Цуь снан суьрта т1ехь йара церан школа а, школана йуххера ц1енош а, урам а. Виситина хаза совг1ат делира.

Охана

Б1аьстенан хьалхарчу деношкахь аха йахара тракторш. Цхьана тракторна т1ехь болх беш сан ваша ву. Шуьйра, йоккха аса схьалоций оху трактоpo. Нуьцкъала машинаш йу тракторш.

Ч1ерий дахар

Хи т1е ч1ерий даха вахара ши к1ант. Хи тийна дара. М1ерий дуьйг1ира шина к1анта.Ч1еро муьрг туьйхира. Цхьана к1анта м1ара схьабаьккхира. Цу т1ехь боккха ч1ара кхозура.

Лётчик

Лётчикаш майра адамаш ду. Уьш шайн кеманашна т1ехь мархашна лакхахула лела. Кема халла бен гуш ца хуьлу. Лётчикаш парашюташца охьалелха. Воккха хилча, со а хир ву лётчик.

Синтарш

Оха школан бешахь синтарш дийг1ира. Школана хьалхарчу новкъахь а дийг1ира. Царна т1е цхьабосса г1а даьлла. Хаза хир бут тхан урам. Шорта 1индаг1 хир ду.